**दिन–सोमवार** **दिनांक–08.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा नीट यूजी मे कथित अनियमितता सँ संबंधित कतेको याचिका पर आइ एक संग सुनवाई कयलक। मुख्य न्यायाधीश डी.वाई चन्द्रचूड़ कहलनि जे परीक्षाक शुचिता भंग भेल अछि आ दोबारा परीक्षा कराबऽ सँ पहिने पेपर लीक हेबाक विषय मे जानब आवश्यक अछि। मामिलाक अगिला सुनवाई एगारह जुलाई के होयत। मुख्य न्यायाधीश डी. वाई चन्द्रचूड़, न्यायमूर्ति जे.बी. पारदीवाला आ न्यायमूर्ति मनोज मिश्राक पीठ एहि सँ संबंधित कुल अड़तीस याचिका पर सुनवाई कऽ रहल अछि। एहि सँ पूर्व सुप्रीम कोर्टक सोझा दायर एक हलफनामा मे केन्द्र आ एनटीए कहने छल जे परीक्षा मे कोनो अनियमितताक कोनहुं सबूतक अभाव मे परीक्षा दोबारा आयोजित करबाक आवश्यकता नहि अछि।

---

रूपौली विधानसभा उपचुनाव लेल आइ सांझ प्रचार समाप्त भऽ गेल। मतदान दस जुलाई के होयत। चुनाव प्रचारक अंतिम दिन आइ एनडीए आ इंडी गठबंधनक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशीक समर्थन मे जमिकऽ प्रचार कयलनि। एहि उपचुनाव मे कुल एगारह उम्मीदवार अपन भाग्य आजमा रहल छथि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे एनडीए आ इंडी गठबंधन दुनू लेल ई चुनाव प्रतिष्ठाक प्रश्न बनल अछि। पचार अभियान मे जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान आ पूर्व मुख्यमंत्री जीतनराम मांझी समेत कतेको वरिष्ठ नेता जदयू उम्मीदवार कलाधर मंडलक समर्थन मे चुनाव प्रचार कयलनि। ओतहि, इंडी गठबंधन सँ राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी समेत आनो नेता लोकनि राजद उम्मीदवार बीमा भारतीक समर्थन मे जनसभा के सम्बोधित कयलनि। एहि मध्य पूर्णियांक सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव राजद उम्मीदवार बीमा भारती के समर्थन देबाक घोषणा कयलनि अछि।

---

प्रदेश मे बाढिक स्थिति लगातार गंभीर होइत जा रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। बागमती नदीक जलस्तर सीतामढीक रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे लाल निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा आ महानन्दाक जलस्तर किशनगंजक तैयबपुर, पूर्णियांक ढेंगराघाट आ कटिहारक झावा मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। एम्हर परमान नदी सेहो अररिया मे खतराक निशान सँ अट्ठाईस सेंटीमीटर ऊपर भऽ गेल अछि। सुपौल, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारण जिला मे कतेको निचला क्षेत्र मे पानि पसरि गेल अछि। हमर सुपौल संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक सुपौल सदर, किशनपुर, सरायगढ़—भपटियाही, मरौना आ निर्मली प्रखंडक गाम बाढ़िक चपेट मे बनल अछि आ लोक ऊंच स्थान पर पलायन कऽ रहल छथि। पश्चिम चंपारण जिला मे गंडक आ सिकटा नदी तबाही मचा रहल अछि।

---

एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रदेशक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक हवाई सर्वेक्षण कयलनि। श्री कुमार पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण आ गोपालगंज जिलाक बाढि प्रभावित क्षेत्रक जनतब लेलनि। बाद मे मुख्यमंत्री बाल्मीकिनगर गंडक बराजक निरीक्षण सेहो कयलनि। ओ अधिकारी लोकनि सँ बाढि प्रभावित क्षेत्र मे राहत आ बचाव काज मे तेजी लयबाक निर्देश देलनि।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक गतिविधि मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे सहरसाक पतरघट मे सभ सँ बेसी एक सय एगारह दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा मे कटिहार, अररिया, आ पूर्णियां जिला मे किछु स्थान पर बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। प्रदेशक शेष भाग मे आंशिक बरखाक पूर्वानुमान कहल गेल अछि।

---

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय दू वर्षीय बीएड आ शिक्षा शास्त्री पाठ्यक्रम मे नामांकन लेल आयोजित संयुक्त प्रवेश परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। बीएड परीक्षा मे हाजीपुरक प्रीति अनमोल टॉपर बनल छथि। एक लाख अस्सी हजार पचास अभ्यर्थी सफल घोषित भेलाह। ओतहि, शिक्षा शास्त्री लेल आयोजित परीक्षा मे दू सय संतावन अभ्यर्थी के सफलता भेटल। अभ्यर्थी लोकनि बिहार सीटेट बीएड डॉट एलएनएमयू डॉट आइएन पर अपन परिणाम देखि सकैत छथि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्थित अपन आवास पर पौधारोपण कऽ राज्य स्तरीय वन महोत्सवक शुभारम्भ कयलनि।

---

मधुबनी जिलाक घोघरडीहा थाना क्षेत्रक भूतही बलानक पूर्वी तटबंध लऽग बीतल बेस राति किछु अपराधी एक बाइक सवार युवक के गोली मारिकऽ हत्या कऽ देलक।

---

समाप्त